Ис № 1-2309-2301/26

Апелляция инстанциясында баянатшы судья А.Адилов

Биринши инстанция судының судьясы Ж.Алланиязов

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ СУДЫ ЖЫНАЯТ ИСЛЕРИ БОЙЫНША СУДЛАЎ КОЛЛЕГИЯСЫ АПЕЛЛЯЦИЯ ИНСТАНЦИЯСЫНЫҢ

## У Й Ғ А Р Ы Ў Ы

2023-жыл 1-ноябрь                                                                                Нөкис қаласы

Қарақалпақстан Республикасы судының жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы төмендеги қурамда:

Қарақалпақстан Республикасы суды баслығының орынбасары А.Адиловтың басшылығында,

коллегия ағзалары: судьялар Ж.Уразбаев, Л.Отегенова,

судья аға жәрдемшиси Д.Давлетмуратованың хаткерлигинде,

Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасының бөлим аға прокуроры Д.Елмуратов,

судланыўшы XXXX ҳәм оның қорғаўшы адвокаты XXXXтың қатнасында,

жынаят ислери бойынша Қараөзек районы судының 2023-жыл 8-сентябрь күнги ҳүкимине судланыўшы XXXX тәрепинен берилген нарийзалық арзаға тийкар исти ашық суд мәжилисинде, апелляция тәртибинде көрип, төмендегилерди

## а н ы қ л а д ы :

Судланыўшы XXXX 1979-жылы 14-май күни Шымбай районында туўылған, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, миллети қарақалпақ, мағлыўматы орта, семьясынан ажырасқан, депутат емес, наградалар алмаған, 2023-жыл 5-сентябрьден баслап “Пиряр аўыл” фермер хожалығында исши болып ислейди, алдын жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2021-жыл 10-февральдағы ҳүкимине көре, Өзбекстан Республикасы ЖК 122-статьясының 1-бөлими менен ҳәр айлық ис ҳақысының 10 пайызын мәмлекет пайдасына услап қалыў жолы менен 2 жыл мүддетке дүзетиў жумысы жазасы тайынланған, **а**) тайынланған жазаның өтелмеген 1 жыл 10 ай 6 күн мүддети жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2021-жыл 20-октябрь күнги уйғарыўы менен ЖК 46-статьясының 4-бөлимине тийкар еркинен айырыў жазасына алмастырылған, **б**) тайынланған еркинен айырыў жазасының өтелмеген 1 жыл 4 ай 13 күн мүддети жынаят ислери бойынша

Хужжат имзоланган: Адилов Абилай Агитаевич, 03.11.2023

Қоңырат район судының 2022-жыл 6-май күнги уйғарыўы менен ЖКниң 74-статьясына тийкар ҳәр айлық ис ҳақысының 20 пайызын мәмлекет пайдасына услаў жолы менен дүзетиў жумысы жазасына алмастырылған, **в**) суд уйғарыўына тийкар тайынланған 1 жыл 4 ай 13 күн мүддетке дүзетиў жумысы жазасын өтемегенлиги себепли жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2022-жыл 1-август күнги уйғарыўы менен ЖК 46-статьясының 4-бөлимине тийкар сол мүддетке азатлықтан шеклеў жазасына алмастырылған, **г**) тайынланған азатлықты шеклеў жазасының өтелмеген 1 жыл 2 ай 27 күн мүддети жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2022-жыл 28-октябрьдеги уйғарыўы менен ЖК $48^{1}$-статьясының 6-бөлимине тийкар еркинен айырыў жазасына алмастырылған, еркинен айырыў жазасының өтелмеген 9 ай 27 күн мүддетинен жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының 2023-жыл 31-марттағы уйғарыўы менен ЖК 73-статьясына тийкар мүддетинен алдын шәртли рәўиште азат етилген, Шымбай районы, «Көкши қала» МПЖ, Қаракулов көшеси 18-жайда жасайды, бас шарасы мүнәсип минез-қулықта болыў ҳаққындағы тилхаты арқалы бостанлықта, айыплаў жуўмақ көширмесин нызамлы мүддетинде алған.

Өзбекстан Республикасы ЖК 122-статьясының 2-бөлими менен 1 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланған, тайынланған жазаға жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2021-жыл 10-февраль күнги ҳүкими менен тайынланған жазасының өтелмеген мүддети ЖКниң 60-статьясы тәртибинде қысман қосылып, үзил-кесил 1 жыл 2 ай мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланған.

Судланыўшы XXXXтың бас шарасы суд залынан қамаққа алынып, тайынланған жазаны 2023-жыл 8-сентябрден баслап қатты тәртиптеги колонияда өтеў белгиленген.

Судланыўшы XXXXтан жәбирлениўши XXXXның пайдасына 74.958.773 сум материаллық зыян өндириў ҳаққында қарар қабыл етилген.

Судтың ҳүкимине көре, судланыўшы XXXX пуқаралық ислери бойынша Шымбай районлараралық судының 2012-жыл 28-декабрьдеги бийлигине тийкар өндириўши XXXXның тәрбиясындағы 2010-жылы 24-январьда туўылған XXXXның тәмийнаты ушын ҳәр айдағы ис ҳақы ҳәм басқада табысларының төрттен бир бөлеги муғдарында алимент напақасын төлеўи белгиленген болыўына қарамастан 2014-жыл 1-марттан 2020-жыл 14-сентябрьге шекем жәми 46.996.515 сум алимент пулларын төлеўден қастан бас тартқаны себепли жынаят ислери бойынша Нөкис районы судының 2020-жыл 18-сентябрь күнги қарарына тийкар ҲЖҳК $47^{4}$-статьясының 1-бөлими менен 15 сутка ҳәкимшилик қамақ жаза шарасы қолланылғанынан ҳәм 2020-жыл 14-сентябрьден 2020-жыл 14-декабрьге

Ҳужжат имзоланган: Адилов Абилай Агитаевич, 03.11.2023

шекем 1.832.299 сум, алдыңғы қарызларын қосып есаплағанда жәми 48.828.814 сум алимент пулларын төлеўден қастан бас тартқаны себепли жынаят ислери бойынша Шымбай район судының 2021-жыл 10-февраль күнги ҳүкимине тийкар ЖК 122-статьясының 1-бөлими менен ҳәр айлық ис ҳақысының 10 пайызы муғдарын мәмлекет пайдасына услап қалыў жолы менен 2 жыл мүддетке дүзетиў жумысы жазасына судланғанынан тийисли жуўмақ шығармастан, қәўипли рецидивист бола тура, материаллық жәрдемге мүтәж болған ер жетпеген перзентин материаллық тәмийинлеўден бас тартып, суд буйрығына тийкар өндирилиўи лазым болған алимент пулларын еки айдан артық мүддетте, яғный 2020-жыл 14-декабрьден 2023-жыл 1-июньге шекем 26.129.959 сум, алдыннан төлемей киятырған алимент қарызларын қосып есаплағанда жәми 74.958.773 сум алимент пулларын төлеўден қастан бас тартқанлықта айыпланып судланған.

ХХХХ нарийзалық арзасында еркинен айырыў менен байланыслы болмаған жаза тайынлаўды сораған.

Судлаў коллегиясы ис бойынша басшылық етиўшиниң баянатын, прокурордың ҳүкимди өзгериссиз қалдырыўды сораған пикирин, судланыўшы ҳәм қорғаўшы адвокаттың нарийзалық арзаны қанаатландырыўды сораған сөзлерин тыңлап, нарийзалық арзада көрсетилген ўәжлерди топланған ис материаллары менен салыстырып, тексерип шығып, төмендегилерге тийкар биринши инстанция судының ҳүкимин өзгериссиз, нарийзалық арзаны қанаатландырмастан қалдырыўды лазым тапты.

Себеби, биринши инстанция суды тәрепинен ис бойынша дәлийллениўи лазым болған ҳәмме жағдайлар муқыятлық пенен, ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив тексерилип, истиң ҳақыйқый жағдайлары анықланып, ХХХХтиң жынайый ис ҳәрекетлери Өзбекстан Республикасы ЖК 122-статьясының 2-бөлими менен дурыс квалификация қылынған.

ХХХХтың жоқарыда көрсетилген жынаятты сәдир еткендеги айыбы оның айыбын толық мойынлап берген көрсетпелеринен тысқары жынаят иси жүзесинен соралған жәбирлениўши ҳәм гүўалардың көрсетпелери менен;

жынаят исиниң 6-бетиндеги Мәжбүрий орынлаў бюросы Шымбай районы бөлими мәмлекетлик орынлаўшысы ХХХХның ХХХХ пуқаралық ислери бойынша Шымбай районлараралық судының 2012-жыл 28-декабрьдеги бийлигине тийкар өндириўши ХХХХның тәрбиясындағы бир перзентиниң тәмийнаты ушын төлеўи тийис болған алимент напақасын төлеўден қастан бас тартып жүргенлиги себепли оның қарсысына жынаят исин қозғатыўды сорап берген мәлимлемеси менен;

жынаят исиниң 7-бетиндеги пуқаралық ислери бойынша Шымбай районлараралық судының 2012-жыл 28-декабрьдеги ХХХХтан өндириўши ХХХХның тәрбиясындағы 2010-жылы 24-январьда туўылған ХХХХның тәмийнаты ушын ҳәр айдағы ис ҳақы ҳәм басқада табысларының төрттен

Хужжат имзоланган: Адилов Абилай Агитаевич, 03.11.2023

бир бөлеги муғдарында алимент напақасын өндириўҳаққындағы бийлиги менен;

жынаят исиниң 11-бетиндеги Мәжбүрий орынлаў бюросы Шымбай районы бөлими мәмлекетлик орынлаўшысы ХХХХның 2023-жыл 20-апрель күнги ХХХХқа алимент қарызларын төлемеген жағдайда қарсысына жынаят иси қозғатылыўы мүмкин екенлиги ҳаққында берилген ескертиўи менен;

жынаят исиниң 12-14-бетлериндеги мәжбүрий орынлаў бюросы Шымбай районы бөлиминиң 2023-жыл 25-апрель күнги пуқара ХХХХтың мал-мүлки жоқлығы себепли өндирилиўи лазым болған алимент қарызларын мәжбүрий өндириў мүмкиншилиги жоқ екенлиги ҳаққында дүзилген акти ҳәм оған қосылған фото-сүўретлери менен бир қатарда жынаят иси бойынша топланған басқада дәлиллер жыйындысы менен толық тастыйықланған.

Өзбекстан Республикасы ЖКниң 7-статьясы талабына көре, жаза ҳәм басқа ҳуқықый тәсир шаралары физикалық азап бериў ямаса басқа инсән қәдир қымбатын кемситиў мақсетин гөзлемейди. Жынаят сәдир еткен шахстың рухый жақтан түзелиўи ҳәм оның жаңа жынаят сәдир етиўиниң алдын алыў ушын зәрүр ҳәм жетерли болатын жаза тайынланыўы ямаса басқа тәсир шарасы қолланылыўы керек.

Усы кодекстиң 8-статьясында, жынаят сәдир еткенликте айыпланған шахсқа қолланылатуғын жаза ямаса басқа ҳуқықый тәсир шарасы әдил болыўы, яғыный жынаяттың аўыр-жеңиллигине, айыптың ҳәм шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине муўапық болыўы керек, деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2006-жыл 3-февральдағы «Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында»ғы Қарарының 3-бәнтинде, Жынаят кодексиниң 8,54-статьялары мазмунына көре, жаза әдил болыўы, ҳар бир жағдайда индивидуал тайынланыўы, жынаяттың түри ҳәм жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине, айыпланыўшының шахсына, сондай-ақ жазаны жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы жағдайларына муўапық болыўы кереклиги ҳаққында түсиндириўлер берилген.

Биринши инстанция суды тәрепинен ХХХХқа жаза тайынланғанда жоқарыда көрсетилген нызам талаплары ҳәм Пленум қарары түсиндириўлерине әмел қылынып, судланыўшының шахсы, сәдир етилген жынаяттың жәмийетлик қәўиплилик дәрежеси итибарға алынған ҳалда асаслы жаза түри ҳәм муғдары дурыс тайынланған.

Жоқарыдағыларға тийкар ХХХХтиң қарсысына шығарылған суд ҳүкимин өзгертиўге яки бийкарлаўға тийкарлар жоқ.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Респукбликасы ЖПКниң $497^{26}$, $497^{31}$, $497^{34}$, $497^{36}$-статьяларын басшылыққа алып, судлаў коллегиясы

Хужжат имзоланган: Адилов Абилай Агитаевич, 03.11.2023

**у й ғ а р д ы :**

Жынаят ислери бойынша Қараөзек районы судының 2023-жыл 08-сентябрь күнги ХХХХтиң жынаят иси бойынша шығарылған ҳүкими өзгериссиз қалдырылсын.

Нарийзалық арза қанаатландырылмасын.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Басшылық етиўши | | (қолы) | А.Адилов |
| Коллегия ағзалары | 1. | (қолы) | Ж.Уразбаев |
| | 2. | (қолы) | Л.Отегенова |

Уйғарыўкөширмеси негизинен дурыс________________________________

Хужжат имзоланган: Адилов Абилай Агитаевич, 03.11.2023